



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV REVITALIZASYON \$100 MILYON POU ANBA LAVIL**

***Eta ap kolabore avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou renove dis anba lavil nan kominote yo toupatou nan New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil \$100 milyon yon apwòch konplè pou transfòme kominote yo ki pare pou devlopman an katye dinamik kote nouvo jenerasyon Nouyòkè yo ap vle viv ak travay. Pwogram nan te premye prezante nan Diskou Gouvènè a sou sitiasyon Eta nan 2016, ap investi \$10 milyon dola nan dis anba lavil katye yo nan eta. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ap chwazi zòn anba lavil yo.

“Yon anba lavil kap pwospere ka bay yon ranfòsman fòmèdab pou ekonomi lokal la,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Inisyativ sa ap transfòme katye anba lavil ke yo chwazi yo an kote ki dinamik pou moun viv, travay ak elve yon fanmi – sa ki pral ede tou atire nouvo investisman ak biznis pou ane kap vini yo. Konsèy rejyonal yo te yon kle pou jenere nouvo opòtinite pou ekonomi lokal yo, e mwen kontan paske yo te lanse nouvo efò sa pou chita sou pwogrè a apati demaraj la.”

Ansyen Sekretè Deta New York, Cesar A. Perales ap prezide nouvo inisyativ sa epi dirije efò avèk yon ekip espesyalis sektè prive ak planifikatè ki soti nan Depatman Deta, avèk sipò ki soti nan Division of Homes and Community Renewal, ansanm avèk lòt ajans yo nan eta. Eta ap ede minisipalite ki chwazi yo nan devlope plan investisman stratejik epi idantifye pwojè enpòtan ki konsistan avèk objektif inisyativ la.

**Sekretè Deta pa Entèrim Rossana Rosado te deklare:** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a ap ede relanse kominote nou yo nan ogmante investisman prive avèk resous eta ki egziste deja. Sou prezidans ansyen Sekretè Perales, pwogram sa ap reyabilite anba lavil la nan loje nouvo biznis ansanm avèk sila yo kap devlope pou revitalize zòn sa yo epi fè yo vin pi abitab.”

**Komisyonè NYS Homes and Community Renewal James S. Rubin te deklare:** “Nan Eta New York, nou gide pa vizyon devlopman ekonomik konpreyansif Gouvènè a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon investisman stratejik enkwayab enpòtan pou Nouyòkè e li pral fè kominote sa yo vini yon eman pou redevlopman, kwasans, kreyasyon travay, yon pi gwo ekonomi ak divèsite lojman, ak opòtinite.”

**Prezidan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Cesar A. Perales te deklare:** Mwen gen lonè poutèt Gouvènè Cuomo chwazi mwen pou travay nan wòl trè enpòtan sa a. Map rete tann pou m travay avèk REDC yo ansanm avèk diferan ajans nan eta pou relanse kominote yo toupatou nan Eta New York.”

Chak Konsèy Rejyonal ap gen sèt nivo kritè ki pwopoze pou chwazi kandida yo:

1. Katye sible a ta dwe konpak ak byen defini.
2. Anba lavil, oswa sant li yo, ta dwe nan gwoès nòmral pou sipòte yon sant aktif, anba lavil pandan tout ane a e li ta dwe gen yon popilasyon ki egziste deja oswa kap ogmante ki nan nivo aksesib fasil pou sa ki ta yon sant prensipal.
3. Anba lavil la ta dwe kapitalize sou investisman anvan, epi kapitalize avni, piblik ak prive nan katye ak zòn avwazinan yo.
4. Ta dwe gen yon kwasans travay resan oswa ki toupre anba lavil la ki kapab atire travayè yo, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab.
5. Anba lavil la dwe gen ladan pwopriyete oswa karakteristik ki kontribye oswa ki te kapab kontribye, si amelyore nan atraktivite ak abitabilite anba lavil, enkli prezans espas devlope a plizyè itilizasyon, lojman nan diferan nivo ak kalite, biznis komèsyal ak andetay nan manin street, enkli bon jan kalite mache manje ki a bon mache e ki a distans mache pyeton ak bisiklèt, ansanm avèk espas rasanbleman piblik ak park.
6. Anba lavil la ta dwe genyen oswa atikile fason li ka kreye règleman kap amelyore kalite lavi, enkli itilizasyon tè bank lokal yo, kòd zòn modèn, plan konplè lari, oswa delvopman ki oryante sou transpò.
7. Sipò lokal ak kominotè dwe egziste pou renovasyon anba lavil la. Dwe gen yon angajman ant lidè lokal yo ansanm avèk entèvenan yo pou bati ak enpleman yon plan investisman stratejik pou anba lavil la.

Aprè nominasyon Konsèy la, kominote ke yo chwazi yo ap etabli komite planifikasyon lokal avèk sipò teknik alafwa nan sektè prive ak eta pou devlope yon plan investisman stratejik pou zòn anba lavil la ke yo deziyen. Plan ki konplete a ap gen ladan idantifikasyon delvopman ekonomik, transpòtasyon, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen avèk plan kominote a e li ka ogmante ak elaji sou investisman \$10 milyon dola Eta. Plan yo ap fini nan kòmansman 2017.

Pou revize kritè nominasyon an, tanpri klike [la](#).

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418